



Pou Piblikasyon Imedya: 27/09/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN PWOJÈ REZISTANS KOTYÈ KI KOUTE  
111 MILYON DOLA NAN STATEN ISLAND**

*Living Breakwaters diminye ewozyon, diminye risk pou kominote sou litoral  
Tottenville la*

*Pwojè enfrastrikti vèt pral bay pwoteksyon kotyè ak ede amelyore ekosistèm;  
Konplete semèn klimatik la*

*Gen imaj ak plis enfòmasyon sou pwojè a nan [dosye laprès la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a finisman Living Breakwaters, yon pwojè inovan ki koute 111 milyon ki fèt pou amelyore rezistans kotyè nan diminye enpak vag tanpèt yo ak ewozyon sou kòt Staten Island lan. 2,400 pye lineyè briz lam yo pral bese risk pou kay ak biznis atravè kominote kotyè ki ba nan Tottenville ki te fè eksperyans pèt lavi ak pwopriyete lè gwo vag te kraze kay yo depi nan fondasyon yo pandan Gwo Tanpèt Sandy a an 2012.

"New York ap dirije nasyon an nan konbat kriz klimatik la ak bati kominote rezistan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kòm nou te fè eksperyans plizyè tanpèt istorik ete sa a, move tan ekstrèm se nouvo nòmal epi li enpòtan anpil pou nou adapte nou ak klima k ap chanje a. Living Breakwaters montre estrateji alontèm nou an pou diminye enpak tanpèt yo, amelyore litoral nou yo epi pwoteje kay ak biznis yo pou jenerasyon k ap vini yo."

Living Breakwaters konbine mezi rezistans kotyè yo ak amelyorasyon abita pou kreye yon rezo enfrastrikti ki baze sou lanati ki fèt pou diminye risk pou rivaj la ak amelyore ekosistèm akwatik Raritan Bay la. Pwojè a gen ladan uit estrikti an pyè ak beton ekolojik ranfòse ki sibmèje pasyèlman ki pral kraze vag tanpèt yo, diminye ewozyon epi ede restore plaj sou Pak Conference House la.

Yo te itilize modèl idrodinamik anpil pou konsepsyon brike yo pou diminye fòs vag ki rive nan bilding ak wout yo toupre kòt la ki pi ba pase twa pye nan wotè. Briz lam yo tou ralanti sediman k ap koule sou rivaj la pou ede ranvèse enpak plizyè dizèn ane ewozyon, sa ki pèmèt plaj la rekonstwi ak elaji pandan ane yo ap pase. Pwojè a te gen

ladann tou yon ranplasman sab soti nan Manhattan Street rive nan Loretto Street, yon zòn ki gen tandans sibi ewozyon.

Biz lam yo fèt tou pou kreye abita akwatik, ogmante divèsite biyolojik ak retabli benefis ekosistèm ke resif zuit Bè Raritan te bay yon fwa. Yo prezante "krèt resif"—akimilasyon wòch sou kote briz lam ki bay fas ak oseyan—ak "ri resif", espas piti ant krèt resif yo. Karakteristik sa yo ak lòt ogmante kompleksite abita yo epi yo ofri opòtinite pou divès kalite lavi maren pwospere. Bèt Sovaj te deja kòmanse abite briz lam yo ki gen ladan zwazo rivaj, fòk, krab, moul, balàn, eponj lanmè ak yon varyete espès pwason. Enstalasyon zuit vivan yo prevwa fini an 2027.

Pwojè a se te yon pwopozisyon gayan nan konkou Rekonstwi nan Konsevwa (Rebuild by Design), yon repons ak Gwo Tanpèt Sandy ke Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini te lanse an 2013. Pwojè a ap sipòte pa 97 milyon dola nan finansman pou Rekiperasyon Apre Dezaz nan Kad Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè HUD la ap 14 milyon ki soti nan yon alokasyon kapital dirèk nan Bidjè Eta 2022 a. Li te administre pa Biwo Kay ak Kominote Rezilyan Eta New York ak Renouvèlman Kominotè (HCR), yon biwo pèmanan ki te asime pòtfev Biwo Rekonstriksyon Apre Tanpèt Gouvènè a (Governor's Office of Storm Recovery, GOSR) an 2022.

Yo te pwopoze ak konsevwa Living Breakwaters pa yon ekip achitèk ki fè peyizaj, enjenyè ak ekolojis ki te dirije pa SCAPE Landscape Architecture. Ekip la te travay avèk Depatman Pak ak Lwazi Vil New York la (NYC Parks) pou revize rezilta yo pwopoze yo ak fason pou kontwole chanjman bò rivaj la pandan ane yo ap pase. NYC Parks te sipòte efò aksè ak edikasyon pou alafwa konstriksyon pwojè a ak efò pou ogmante zuit k ap kontinye.

Living Breakwaters konplete efò New York ap fè pou bese chanjman klimatik nan reyalize netralite kabòn nan tout ekonomi an nan ane 2050 epi li se yon egzanp investisman HCR nan dirabilite ak rezistans ki gen ladan efò rekiperasyon alontèm pou Siklòn Ida, ki bay finansman pou pwojè enèji pwòp nan yon lojman abòdab, ede rezidan yo ak klimatizasyon kay yo pou site inisyativ sa yo sèlman.

**Lidè Majorite Sena a, Chuck Schumer, te deklare,** "Gras ak yon investisman federal 97 milyon dola atravè Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè HUD la ak yon angajman pou ranfòse rezistans kòt apre gwo tanpèt Sandy a, finansman pwojè rezistans kotyè Living Breakwaters sou kòt Staten Island pral pote pwoteksyon ak lapè nan lespri ki nesèsè anpil lou kominote Tottenville la. Living Breakwaters pral pwoteje kominote Tottenville nan diminye vag tanpèt yo ak konbat ewozyon. Mwen pral kontinye goumen pou amelyore fleksibilite kotyè yo ak retabli rivaj yo pou ede konbat inondasyon alavni nan kominote Staten Island yo ak atravè New York."

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York, te deklare,** "Investisman 111 milyon dola sa a se yon fason inovan nou kapab diminye anpil nan efè danjere yon klima k ap chanje. Estrikti briz lam 2,400 pye yo pral diminye fòs vag k ap vini sou rivaj la, ede

konbat ewozyon epi amelyore lavi maren lokal la an menm tan. Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, New York ap amelyore rezistans pou ede rezidan yo fè fas ak tanpèt ki gen rapò ak chanjman klimatik yo. Nou remèsye ekip pwojè nou an ak lidè kominote lokal yo pou devouman yo pou diminye risk pou rivaj Tottenville la."

**Komisè pa enterim Depatman Prezèvasyon Anviwònmanal Eta New York la, Sean Mahar, te deklare,** "Amelyore fleksibilite litoral nou yo se yon pati enpòtan nan efò soutni ak divèsifye Eta New York pou konbat chanjman klimatik ak move tan ekstrèm tankou Gwo Tanpèt Sandy. Pwojè Living Breakwaters la itilize yon varyete baryè fizik pou ede redwi vag tanpèt ak ewozyon, pwoteje kay ak katye yo epi sipòte restorasyon plaj lokal yo ak ekosistèm natirèl yo. Avèk lidèchip kontinyèl Gouvènè Hochul ak travay kole ak patnè ajans Eta yo ak kominote lokal yo, DEC rete angaje l pou fè avanse pwojè enpòtan tankou Living Breakwaters pou pwoteje kominote bò lanmè New York yo."

**Komisè Pak Vil New York la, Sue Donoghue, te deklare,** "Living Breakwaters se yon egzantp enkwayab nan konsepsyon inovan, ekolojik an repons a chanjman nan klimatik la. Nou pran angajman pou avanse rezistans Vil New York pou kominote nou yo ka pwospere epi jwi bò rivaj nou yo byen nan tan kap vini an."

**Manm Asanble Michael Reilly, te deklare,** "Mwen vle remèsye patnè nou yo atravè gouvènman eta a ak gouvènman lokal ke efò plizyè ane ki sot pase yo te ede pwojè sa a fini. Jodi a, kominote Tottenville nou an pi rezistan pase anvan, epi benefis ekolojik Living Breakwaters pral pote nan tout Staten Island pral gen yon enpak sou jenerasyon k ap vini yo."

**Manm Konsèy Vil New York Joseph Borelli, te deklare,** "Mwen kontan wè pwojè pwoteksyon rivaj sa a rive nan yon fen epi mwen pa ka tann pou mwen wè yo atire nouvo lavi maren nan zòn sa a."

**Direktè Fondatè SCAPE Landscape Architecture, Kate Orff, te deklare,** "Adaptasyon klima a pou pwochen syèk la mande refleksyon solid sou fason moun ak lanati ka viv ansanm nan vil yo, ak konsepsyon fleksib ki konbine enfrastrikti ki baze sou lanati ak jerans kominote a. Living Breakwaters revitalize ekosistèm pò nou yo, diminye risk ak enspire aksyon. Yo te pran 10 ane pou reyalize pwojè sa a epi li te enplike plizyè santèn kolaboratè devwe ak manm kominote a. Mwen kontan anpil pou m bati sou sa nou te aprann ansanm pou akselere aplikasyon enfrastrikti ki baze sou lanati nan anpil echèl pou satisfè moman sa a."

### **Plan Klimatik Nasyonal Eta New York la**

Ajanda klimatik Eta New York la fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. Gide atravè kèk nan inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, New York ap fè avanse yon seri efò – ki gen ladan pwogram New York Cap-and-Invest (NYCI) ak lòt politik konplemantè – pou diminye

emisyon gaz lakòz efè tèmik a 40 pousan rive 2030 ak 85 pousan rive 2050 pa rapò ak nivo ane 1990 yo.

New York sou wout tou pou l reyalize yon sektè elektrisite zewo emisyon an 2040, ki gen ladan 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwatye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 28 milya dola nan 61 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, prèske 3 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo.

Investisman sa yo ak lòt sipòte ap plis pase 170,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2022 ak yon kwasans plis pase 3,000 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon pwa lejè yo vann nan Eta a gen zewo-emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la avanse avèk plis pase 420 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak plis pase 150 Kominote ki sètifye, plis pase 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominote Eta a nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sible polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)

Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)